# ÓZBEKSTAN XALQÍNA JAŃA JÍL QUTLÍQLAWÍ

Image not found or type unknown

Húrmetli watanlaslar!

Biytákirar diyarımızǵa jańa-2021-jıl kirip kelmekte.
Siz ázizlerdi, qádirli nuranıylarımız, mehriban apa-qarındaslarımız, náwqıran jaslarımızdı – kóp milletli pútkil xalqımızdı usı gózzal áyyyam menen shın kewlimnen qutlıqlayman.
Barlıǵıńızǵa saw-salamatlıq, tanıshlıq, baxıt-ıǵbal hám abadanlıq tileymen.

Áziz doslar!

Hámmemiz gúwasımız, 2020-jıl pútkil dúnya qatarı elimiz ushın da awır hám qıyın keldi. Koronavirus pandemiyası, global krizis insaniyattı awır sınaqtan ótkermekte. Mine usınday quramalı jaǵdayǵa qaramastan márt hám ullı xalqımızdıń jigerliligi, pidákerlik miyneti menen barlıq tarawlarda úlken ózgerislerdi ámelge asırdıq.
Ekonomikamızdıń jetekshi tarmaqların rawajlandırıwǵa eristik. Joqarı texnologiyalarǵa tiykarlanǵan onlaǵan jańa kárxanalar, transport sistemaları iske qosıldı. Zamanagóy turaq jaylar, jol hám kópirler, baqsha hám mektepler, emlewxanalar, mádeniyat hám kórkem óner, sport orınların qurdıq.
Miynetkesh diyqan hám fermerlerimiz barlıq qıyınshılıqlardı mártlershe jeńip ótip, mol zúráát jetistirdi. Kishi biznes hám jeke menshik isbilermenliktiń rawajlanıwı ushın jáne de keń imkaniyatlar ashıldı. Jıl dawamında xalıq, ásirese, jaslar hám hayal-qızlar ushın mıńlaǵan jańa jumıs orınları jaratıldı.
Ótip baratırǵan jıl jámiyetimizdiń ruwxıy-aǵartıwshılıq turmısında da áhmiyetli waqıyalarǵa bay boldı.
Sırt eller, bárinen burın, jaqın qońsılarımız benen doslıq hám birge islesiwdi jáne de kúsheyttik. Ózbekstannıń xalıqaralıq abırayın joqarılatıw baǵdarında salmaqlı jumıslar ámelge asırıldı.

Qádirli watanlaslar!

Biz kirip kiyatırǵan 2021-jılǵa jaqsı niyet hám úlken rejeler menen  Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalıqtıń salamatlıǵın bekkemlew jılı dep atama berdik.

Jańa jılda ekonomikalıq hám sociallıq tarawlarda baslaǵan keń kólemli reformalarımızdı izbe-iz dwama ettiremiz.
Elimizde tınıshlıq hám turaqlılıq, milletler hám xalıqlar arasındaǵı tatıwlıq, óz-ara húrmet hám mehir-múriwbetti bekkemlew tiykarǵı wazıypamız bolıp qaladı.
Xalqımızdıń turmıs abadanlıǵın arttırıw, xalıqtıń sociallıq qorǵalıwın kúsheytiwge ayrıqsha áhmiyet beremiz.
Áziz jaslarımız, miynetkesh hám ádepli apa-qarındaslarımız, húrmetli kekselerimizdiń turmıslıq máplerin támiyinlew itibarımız orayında boladı.
Densawlıqtı saqlaw, salamat turmıs tárizin engiziw máseleleri jańa basqıshqa kóteriledi.
2021-jılı mámleketimiz ǵárezsizligine 30 jıl toladı. Usı dańqlı sáneni, insha alla, barlıǵımız birgelikte múnásip belgileymiz.
Jańa Ózbekstandı quriw, milliy rawajlanıw tiykarın jaratıwǵa qaratılǵan úlken jumıslarımızdı isenimli dawam ettiremiz.

Áziz watanlaslarım, qádirdanlarım!

Usı gózzal aqshamda barlıǵımızdıń niyetimiz, tilegimiz bir: elimizde jasap atırǵan hár bir shańaraq, hár bir insan murat-maqsetine jetsin!
Janajan Ózbekstanımız gúllep-jaynasın, dúnyamız tınısh bolsın!
Kirip kiyatırǵan 2021-jıl ana-watanımızǵa qut-bereket, jańa tabıs hám jetiskenlikler alıp kelsin!
Jańa jıl barlıǵımızǵa múbárek bolsın!

**Shavkat MIRZIYOEV,**
**Ózbekstan Respublikası Prezidenti**